## आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क मुख्यमंत्री अउर गोरक्षपीठाधीश्वर योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में श्रीरामकथा क विश्राम सत्र अउर गुरु पूर्णिमा महोत्सव में हिस्सा लिहलें। गुरू पूर्णिमा के उपलक्ष्य में चारिये जुलाई से गोरखनाथ मंदिर क महंत दिग्विजयनाथ स्मृति भवन में श्रीरामकथा चलत रहे।

श्रीरामकथा क विश्राम सत्र अउर गुरु पूर्णिमा के मौका पर आयोजित महोत्सव के दौरान अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री प्रख्यात समाजवादी चिंतक डॉक्टर राम मनोहर लोहिया क जिकिरि कइलें। उहां के कहलीं कि डॉक्टर राम मनोहर लोहियो कहत रहलें कि भारत में जबले मर्यादा पुरुषोत्तम भगवान श्रीराम, लीला पुरुषोत्तम मुरलीधर भगवान श्रीकृष्ण और देवों के देव भगवान शंकर क पूजा होत रही तबले दुनिया में कउनों देस क एकता के परभावित नाहीं कइ पाई।

**उनसे जब पूछा गया कि लोहिया जी ये बताइये भारत कब तक एक रहेगा और क्या भारत एक रह पाएगा। उन्होंने कहा कि यह प्रश्न भारत पे तो नहीं उठने चाहिए। लोगों ने कहा कि दुनिया यही बोल रही है। उन्होंने कहा कि दुनिया अभी भारत को नहीं समझ पाई है। जब तक भारत के अंदर राम, कृष्ण और भगवान शंकर की पूजा होती रहेगी तब तक भारत का कोई बाल बांका नहीं कर पाएगा।**

एहसे पहिले मुख्यमंत्री गुरु पूर्णिमा पर ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ अउर महंत अवेद्यनाथ के फोटो पर फूल चढ़वलें अउर व्यासपीठि क पूजनों कइलें।

मुख्यमंत्री गोरखपुर प्रवास के दौरान आजु भिन्नहीं जनता दरसन कार्यक्रम में करीब दुइ सौ लोगिन से मिलि के उनकर समेस्यो सुनलें। उहां के अधिकारियन के निरदेस दिहलीं कि पीड़ितन क समेस्या के गम्भीरता अउर संवेदनसीलता से लेत ओकर समाधान जुरते अउर संतुस्टिपरक तरीका से करावल सुनिस्चित करावें।

**********

गुरु पूर्णिमा क परब आजु सज्जो प्रदेस में पारंपरिक तरीका से मनावल गइल। येह मौका पर लोगि पवित्र नदियन में नहा के पूजा अरचना कइलें। गुरू पूर्णिमा पर आजु मिरजापुर जिला क कई गो आश्रम में गुरू के दरसन पूजन खातिर शिष्य लोग क भारी भीड़ देखल गइल। बनारस जिला में मुस्लिम महिला लोगि पातालपुरी मठ क पीठाधीश्वर जगद्गुरु बालक देवाचार्य क आरती उतरलिनि अउर तिलक लगा के स्वागत सम्मान कइलिन। भगवान राम क नगरी अयोध्या में गुरू पूर्णिमा पर लाखन सरधालु सरयू नदी में नहइले अउर मंदिरन में पूजा अर्चना कइले के बादि अपने–अपने गुरूवन क बंदना कइले। कुशीनगर जिलों में गुरू पूर्णिमा के पुरहर सरधा अउर आस्था के साथे मनावल गइल। बौद्ध धर्म में आषाढ़ी पूर्णिमा के नाव से मसहूर गुरु पूर्णिमा के मौका पर बौद्ध भिक्षु महापरिनिर्वाण मंदिर में खास पूजा अरचना कईके विश्व कल्याण अउर सान्ति क कामना कइलें।

**********

प्रदेस में बिहने से पवित्तर सावन महिन्ना क सुरूआति हो रहल हौ। एहके देखत सिवालयन अउर कांवड राहि पर आजु तइयारियन के अतिम रूप दिहल जा रहल हौ। कांवड़ यात्रा के देखत प्रदेस के कई गो जिला में यातायात डायवर्जन लागू कइल गइल हौ। प्रदेस के शाहजहांपुर अउर अमरोहा के सथहीं कईगो पस्चिमी जिला में कावंड़ यात्रा के नाते सुरक्षा अउर साफ सफाई क खास इतिजाम कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा आजु वाराणसी जिला में पूरबी उत्तर प्रदेस के चउबीस जिलन के जिला निर्वाचन अधिकारियन के साथे बइठकी कइलें। बइठकी के बाद पत्रकारन से बतियावत उहां के कहलीं कि सज्जो लोगिन के निरदेस दीहल गइल हौ कि जियादे से जियादे पात्र लोगिन क नावं ओटर लिस्टि से जोड़ल जाव। सथहीं ओटर लिस्टि के सौ फीसदी ठीक करवावे के बारे में खास तौर पर चरचा भइल। बइठकी में चुनाव से जुड़ल अधिकारियो सामिल रहलें।

**********

जौनपुर जिला क सिकरारा थान्हा क्षेत्र के समाघगंज भवानीपुर मोड़ पर काल्हि राति एगो सड़कि हादसा में तीनि लोगिन क मउति हो गइल। ई दुरघटना ओह समय भइल जब एगो बाइक अउर ऑटो आमने–सामने से लड़ि गइल।

**********

प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं पूरबी जिलन में आजु दिन भर रूकि–रूकि के बादर छवले रहले के नाते पूरा दिन उमस महसूस कइल गइल। मौसम विज्ञान विभाग के हिसाबि से येह इलाकन के साथे–साथे पच्छिमी जिलनों में बारह जुलाई ले कहीं–कहीं भारी बरखा अउर बिजुली गिरले क अनेसा हौ। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश बतवलें कि अगिला चउबीस घंटा के भित्तर प्रयागराज अउर बुन्देलखण्ड मण्डल के जिलो में भारी बरखा हो सके ला।

***जैसा कि एक ट्रफलाईन उत्तर प्रदेश के साउथ से पास हो रहा है साथ ही में झारखण्ड के ऊपर एक साइक्लोनिक सर्कुलेशन बना हुआ है। जिसके वजह से जो साउथ का रिजन है जैसे कि प्रयागराज डिविजन, बुंदेलखण्ड डिवीजन में भारी वर्षा की संभावना है।***

मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश तीनि दिन बाद प्रदेस के मध्य अउर तराई इलाकनों में बरखा क आगम जतवले हवें।

**********